

AKSÈ AK SANTE SEKSYÈL AK REPWODIKTIF

Tienes derecho a cuidar tu salud sexual y reproductiva no Ou gen dwa pran swen sante seksyèl ak repwodiktif ou, kèlkeswa sityasyon migratwa ou, kit li regilye oswa iregilye.

► Mwen ansent, ki kote ak kijan mwen ka jwenn swen?

Ale nan CESFAM (Sant Sante Fanmi) oswa nan sant sante ki pi pre kay ou depi premye moman an

Ou pral resevwa gratis:

- Kontwòl medikal pandan gwosès la
- Sèvis akouchman nan lopital piblik
- 1 ane swivi konplè apre akouchman
- Lèt
- Vaksen
- Vitamin
- Medikaman

Kenbe nan tèt

Si ou pa gen RUT, ou ka mande yon nimewo idantifikasyon pwovizwa (NIP) ki ap pèmèt ou antre nan sistèm sante a (gade fich "Aksè a Sante").



► Èske mwen ka mande kontraseptif?

Wi. Ou ka jwenn gratis nan CESFAM plizyè metòd kontrasepsyon tankou grenn, piki, implant, DIU (aparèy/dispozitif nan matris), kapòt ak kontrasepsyon ijans tankou grenn "apre" si ou te gen relasyon san pwoteksyon oswa si ou te viktim vyolasyon seksyèl.

Kijan pou m gen aksè ak Entèwipsyon Volontè Gwosès (IVE)?

Nan Chili, Entèwipsyon Volontè Gwosès legal nan twa ka sa yo:

- Lè gwosès la mete lavi manman an an danje
- Lè gen malfòmasyon nan fetis la e li pa kapab viv
- Lè gwosès la se rezilta yon vyòl

Si ou nan youn nan sitiyasyon sa yo, ale nan CESFAM ki pi pre ou oswa nan lopital piblik ki pi pre a.

Kenbe nan tèt

Ekip medikal la dwe koute ou, enfòmè ou, ba ou sipò sikolojik, respekte desizyon ou, garanti vi prive ou epi asire pwosesis la fèt san danje epi san jijman.



Kanal swen

Pou resevwa oryantasyonsou sèvis sante, rele Salud Responde nan **600 360 7777** gratis.

Sèvis la disponib 24 sou 24, 7 jou sou 7.

Pèsonn pa ka refize ba ou swen poutèt orijin ou oswa sitiyasyon migratwa ou.